



Depatman Jiridik
Vil New York

**Entwodiksiyon
nan Divizyon
Tribinal Ki
Okipe Zafè
Fanmi**

Sa ki nan Dokiman an

- Paj 01 ...** Entwodiksyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi
- Paj 02 ...** Inite Sipò Timoun Ant Eta yo (Interstate Child Support Unit, ICSU)
- Paj 03 ...** Delenkans Jivenil (Juvenile Delinquency, JD)
- Paj 04 ...** Ogmante Laj la (Raise the Age, RTA), Ogmante Laj Ki Pi Ba a (Raise the Lower Age, RTLA)
- Paj 05 ...** Sèvis pou Viktim/Sivivan
- Paj 06 ...** Tèminoloji sou Tribinal
- Paj 07 ...** Angajman Kominotè
- Paj 08 ...** Konsèy Lidèchip pou Jèn
- Paj 09 ...** Enfòmasyon Kontak

Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi

Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an ankouraje byennèt timoun Vil la epi pwoteje piblik la anjeneral.

Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an genyen de (2) inite - Inite Sipò Timoun Ant Eta yo ak Inite Delikans Jivenil la.

Inite Sipò Timoun Ant Eta yo

Inite Sipò Timoun Ant Eta yo pou Depatman Jiridik la parèt nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Vil New York la nan non paran k ap viv avèk timoun nan epi ki pa nan eta a, k ap chèche etabli patènite/parantaj epi jwenn, modifye, oswa fè respekte yon lòd sipò timoun nan men yon rezidan Vil New York.

Si paran k ap viv avèk timoun nan abite nan Vil New York epi paran ki p ap viv avèk timoun nan abite nan yon lòt eta, Depatman Jiridik la ka ede l depoze yon lòd pou sipò timoun, modifye yon lòd ki egziste deja, oswa chèche fè respekte yon lòd. Epitou, Depatman Jiridik la ka pouswiv yon dosye lè paran ki p ap viv ak timoun nan abite nan yon lòt peyi.

Depatman Jiridik la Trete Kat (4) Kalite Dosye Sipò Timoun:

1. Etablisman Patènite ak Parantaj
2. Etablisman Sipò
3. Modifikasyon Sipò
4. Fè Respekte Sipò

Inite Sipò Timoun Ant Eta yo
Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi
Depatman Jiridik Vil New York
Telefòn: 212-356-3220

Inite Delenkans Jivenil

Inite Pousuit Jidisyè pou Delenkans Jivenil lan mennen ankèt epi pousuiv, lè sa apwopriye, zafè delenkans jivenil yo refere bay biwo nou an oswa sa yo retire nan Pati Jèn yo.

Zafè Delenkans Jivenil la konsène jèn ki gen 12 lane jiska 17 lane yo te arete pou yon konpòtman ki ta lakoz yon krim si yo te granmoun. Epi tou, yo ka refere jèn yo te arete yo nan pwogram Kondanasyon Penal, ki pèmèt jèn yo resevwa sèvis reyabilitasyon andeyò pwosesis tribinal ofisyèl la. Sèvis sa yo ka gen ladan yo ankadreman, sèvis kominotè, dedomajman ak konsèy.

Si yon jij Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi wè yon jèn se yon delenkan jivenil, men desizyon (santans) ki posib yo: liberasyon san kondanasyon, libète sou kondisyon, ak plasman deyò lakay jèn nan.

Eta New York la te pase lwa 'Ogmante Laj la' (Raise the Age) pou fè konnen yo pa ta dwe trete jèn ki gen 16 ak 17 lane yo kòm granmoun ankò. Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi pou Depatman Jiridik Vil New York la te patisipe aktivman nan aplikasyon sa a, epi li kontinye sipòte totalman inisyativ 'Ogmante Laj la' (Raise the Age).

Ogmante Laj la ak Ogmante Laj Ki Pi Ba a

Ogmante Laj la

1ye oktòb 2018, lwa sou Ogmante Laj la (Raise the Age) te antre anvigè pou jèn ki gen 16 lane yo, epi pita, li te antre anvigè pou jèn ki gen 17 lane yo nan dat 1ye oktòb 2019. Sa vle di New York pa pousuiv ankò jèn ki gen 16 ak 17 lane yo kòm granmoun nan sistèm jistis kriminèl la.

Tout jèn ki poko gen 18 lane epi yo arete yo pou yon **deli minè**, se Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an ki trete sa. Si yo arete yon jèn ki gen 16 oswa 17 lane pou yon **krim**, dosye a pral kòmanse nan Pati Jèn yo, après yo ka transfere l nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an.

Lwa sou Ogmante Laj la (Raise the Age) te jwenn sipò lide ki di timoun yo ak adolesan yo pa menm ak granmoun yo. Pwosedi Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an pèmèt yo rann jèn ki komèt enfraksyon yo responsab pou zak yo fè yo epi fè yo jwenn sèvis ki pral ede yo nan reyabilitasyon yo.

Ogmante Laj Ki Pi Ba a

Nan dat 29 desanm 2022, lwa sou Ogmante Laj Ki Pi Ba a (Raise the Lower Age) te antre anvigè, li etabli yon repons altènatif pou timoun ki poko gen 12 lane yo.

Chanjman sa a ki fèt nan lwa a, egzijje depatman sèvis sosyal yo pou bay sèvis pou jèn ki poko gen 12 lane yo, otremman yo t ap arete epi akize jèn sa yo kòm delenkan jivenil epi pousuiv yo nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an.

Dapre lwa sa a, yo dwe bay timoun yo swen sante mantal ki apwopriye ak lòt sèvis olye se sistèm jistis pou jèn nan ki ede yo.

- *Gen eksepsyon nan nouvo lwa sa a pou krim tankou omisid ak omisid envolontè.*

Sèvis pou Viktim/Sivivan Ki Sibi yon Krim

Lè nou rekonèt nesosite pou bay moun krim jivenil fè mal epi gen enpak sou yo plis sipò, genyen Defansè Viktim ki disponib pou tout dosye yo. Defansè yo travay ak sivivan krim, temwen, pwopriyetè biznis, lapolis, epi nenpòt lòt moun zak delenkan an (krim) afekte dirèkteman. Defansè nou yo travay an kowòdinasyon avèk pwokirè a (Assistant Corporation Counsel, ACC) epi ansanm ak kowòdonatè jistis penal la pou asire yo konsidere tout enkyetid moun ki sibi chòk la genyen yo nan chak etap nan pwosesis la, soti nan investigasyon, evalyasyon jistis penal, depoze yon petisyon pou delenkans jivenil, ak nan tout pwosedi tribinal yo.

Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an fè patenarya ak Safe Horizon, pi gwo òganizasyon ki pa la pou fe lajan k ap ede viktim yo, defann yo ak fe prevansyon kont vyolans nan peyi a, pou asire yo konsidere enkyetid viktim yo ak sivivan yo. Safe Horizon ofri yon seri sèvis ki fèt pou reponn ak bezwen moun krim sa yo afekte yo.

Men kèk nan sèvis Defansè Viktim yo kowòdone:

- Evalyasyon Sekirite
- Akonpayman Tribinal
- Entèkansyon nan Moman Kriz
- Èd pou Transpò

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis viktim nan minisipalite w la, gade enfòmasyon kontak yo nan paj 9 la.

Tèminoloji sou Tribinal

Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi

Pwokirè —

Konseye Jiridik Adjwen
(Assistant Corporation
Counsel, ACC)

Yon Jij Tribinal Ki Okipe Zafè
Fanmi an tande moun nan
san yon jiri

Yo rele jèn yo arete a
"Defandè"

Sant Detansyon pou Timoun
pou Administrasyon Sèvis
Timoun nan

Kondisyon pou liberasyon
oswa Detansyon Pwovizwa

Libète kondisyonèl pou
Paran, Responsab Legal
oswa Manm Fanmi an

KONT Tribinal Kriminèl

Pwokirè—

Asistan Pwokirè Distri
a (Assistant District
Attorney, ADA)

Yon jiri ki gen ladann
kòlèg ak Jij ou yo pral
tande moun nan

Yo rele moun yo arete a
"Defandè"

Depatman Sant
Koreksyon

Kondisyon pou
liberasyon sou kosyon
oswa sou detansyon
pwovizwa

ROR — yo rele l tou
'Libere sou Angajman'
(Released on
Recognizance)

Angajman Kominotè/Patenarya Ant Eta yo

Yon pati esansyèl nan pratik nou antanke pwokirè nan dosye delenkans jivenil yo se kreye patenarya avèk manm ki nan kominote Bronx, Queens, Staten Island, Brooklyn, ak Manhattan. Depatman Jiridik la kolabore ak moun ki konsène nan kominote a pou anpeche delenkans jivenil epi ankouraje rezilta pozitif nan dosye yo. Yo plase ACC yo ak kowòdonatè kominotè ki nan inite a nan sikonskripsyon espesifik epi angaje yo nan efò sansibilizasyon kominotè, ki gen ladan prezantasyon nan lekòl yo.

Anplis de sa, ACC yo ak manm ekip sansibilizasyon yo kolabore ak lòt òganizasyon kominotè yo pou yo ka konbat delenkans jivenil, ankouraje sekirite piblik, epi pi byen defann viktim yo.

Prezantasyon

Manm pèsònèl Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an prezante bay elèv yo, paran yo, lapolis, ak òganizasyon lokal yo kèk sijè ki gen rapò ak delenkans jivenil epi sipò timoun ant eta yo. Prezantasyon entèaktif sa yo bay yon apèsi sou sistèm delenkans jivenil la, asèlman, sekirite nan rezo sosyal, ak konsèy itil pou pran bon desizyon epi pou rete an sekirite sou entènèt ak nan kominote nou yo.

Pou mande yon prezantasyon, voye yon imèl nan **FCLaw@law.nyc.gov** oswa eskane kòd QR la isit la.

Pou mande yon prezantasyon, eskane bagay ki anba a:



Konsèy Lidèchip pou Jèn

Konsèy Lidèchip pou Jèn lan fè pati yon inisyativ nan tout vil la atravè *Sèvis Vil New York*, yon Divizyon Biwo Majistra a. Konsèy la fè patenarya avèk ajans vil la, ki ofri jèn yo yon seri opòtinite lidèchip. Konsèy Lidèchip pou Jèn nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an reyini regilyèman pou ede devlope nouvo politik ak pratik nan pratik sipò timoun ant eta yo ak pratik delenkans jivenil lan.

Pwogram nan fèt pou amelyore eksperyans edikatif elèv segondè ki gen 15 lane oswa plis yo, pandan yo toujou ap jwenn kredi pou sèvis kominotè yo. Yo bay elèv yo devwa epi yo tande prezantasyon ki gen rapò ak pratik Delenkans Jivenil epi Sipò Timoun Ant Eta yo, sa ki pèmèt yo aprann kèk bagay sou pratik jiridik la ak sou sèvis piblik nan vil New York la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou ka patisipe nan Konsèy Lidèchip pou Jèn lan, vizite www.nycservice.org

Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an ankouraje byennèt jèn ki nan Vil la pandan li toujou ap pwoteje piblik la anjeneral.

kontakte nou **Adrès Biwo yo**

Bronx Family Court (Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Bronx)

900 Sheridan Avenue, 6yèm Etaj Bronx, NY 10451

Telefòn: (718) 503-5200

Faks: (718) 503-5209

Brooklyn Family Court (Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Brooklyn)

350 Jay Street, 9yèm Etaj Brooklyn, NY 11201

Telefòn: (718) 724-5300

Faks: (718) 724-5399

Manhattan Family Court (Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Manhattan)

60 Lafayette Street Suite 7A3, New York, NY 10013

Telefòn: (212) 356-1800

Faks: (212) 356-1819

Queens Family Court (Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Queens)

151-20 Jamaica Avenue, 2yèm Etaj Jamaica, NY 11432

Telefòn: (718) 558-2200

Faks: (718) 558-2208 oswa (718) 558-2209

Staten Island Family Court (Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Staten Island)

60 Bay Street, 4yèm Etaj Staten Island, NY 10301

Telefòn: (718) 876-3620

Faks: (718) 876-3628 oswa (718) 876-3629

Family Court Administration (Administrasyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi)

100 Church Street, 4yèm Etaj New York, NY 10007

Telefòn: (212) 356-1000



FAMILY COURT DIVISION